



REPUBLIKA Y'UBURUNDI

**UBUSHIKIRANGANJI BW'AMAZI, IBIDUKIKIJE,
UGUTUNGANYA AMATONGO N'IBISAGARA**

IKIGO C'IGIHUGU KJEJWE GUKINGIRA IBIDUKIKIJE



**UKUBUNGABUNGA IBIBANZA BIKINGIWE
KU NEZA Y'UBUZIMA BWA KIREMWA
MUNTU ; *Akamo gatewe abatwara intara
n'amakomine ngo bagaragaze urukara rwabo mu
kubungabunga ibibanza bikingiwe***



Point focal national biodiversité
Nationaal knooppunt biodiversiteit

LA COOPÉRATION
BELGE AU DÉVELOPPEMENT **.be**

museum



Ikigo c'Igihugu Kijejwe Gukingira Ibidukikije

B.P. 2757 Bujumbura

Burundi

Tél. (257)22234304

E-mail: inecn.biodiv@cbinf.com

Site web: <http://bi.chm-cbd.net>

**© CHM-Burundais: Centre d'Echange
d'Information en matière de Diversité
Biologique, (Clearing House Mechanism),
Bujumbura, Février 2016**

Agatabu ko guhimiriza abatwara abandi mu ntara no mu makomine kanditswe na NZIGIDAHERA Benoit mu gisata c'Umugambi w'ubushakashatsi, uguhanahana inkuru, uguhimiriza n'ukubungabunga ibinyabuzima mu Burundi washizweho mu ntumbero y'ugushira mu ngiro amasezerano yabaye hagati y'Ikigo c'igihugu kijejwe gukingira ibidukikije OBPE (INECN ya kera) n'Ikigo c'ingoma y'Ububiligi kijejwe ubumenyi kama (IRScNB).



Point focal national biodiversité
Nationaal knooppunt biodiversiteit

LA COOPÉRATION
BELGE AU DÉVELOPPEMENT .be



IBIRIMWO

INTANGAMARARA	1
I. IBIGERAMIYE IBIBANZA BIKINGIWE	4
II. URUGERO RW’UKWITANGA KW’ABARONGOYE ABANDI MU NTARA NO MU MAKOMINE MU BIJANYE N’UKUBUNGABUNGA IBIBANZA BIKINGIWE.....	12
III. UGUHAMAGARIRA ABARONGOYE ABANDI MU NTARA NO MU MAKOMINE KUGARAGAZA URUHARA RWABO MU KUBUNGABUNGA IBIBANZA BIKINGIWE	17
UGUSOZERA	23

INTANGAMARARA

Ibibanza bikingiwe vy'Uburundi bifise uburinga nire bungana na hegitari 157923, ni ukuvuga ivy'ijana 5,6 vy'uburinganire bw'Igihugu cose. Akamaro k'ivyo bibanza mparirwabuzima bikingiwe ni kanini cane. Mu bisanzwe, ibibanza bikingiwe bifise akamaro ntangere cane cane mu gushira ku rugero rusanze umurindi w'amazi no mu gukinga inkukura ku misozi ihanamwe. Ivyo bibanza nyene birafise akamaro mu gukwegga imvura ifasha cane mu burimyi bw'igihugu, mu kuronka umuyagankuba, eka mbere tukaronka n'amazi yo kuvomera mu mirima.

Ivyo bibanza bikingiwe kandi nivyo biheza bigatanga vyankenerwa bituma ubwoko butandukanye bw'ibikoko n'ibiterwa bubandanya kubaho, ari navyo Uburundi bufatirako mu guteza imbere ba mukerarugendo. Abanyagihugu begereye ibibanza bikingiwe, mu kubaho kwabo bikora kuri ivyo bibanza bikingiwe na cane cane mu kukuramwo amatungo y'ibinyabuzima. Birafise kandi akamaro gahambaye cane mu guhubira ivyuka no mu kugabanya ivyaduka bijanye n'ihindagurika ry'ibihe.

Ariko rero naho bifise akamaro ntangere, ibibanza bikingiwe ntibishobora gukora ivyo vyose iyo bidakingiwe neza. Ibwirizwa nshingiro rya Repubulika y'Uburundi riravuga neza ko amatungo kama ategerezwa kubungabungwa. Amategeko n'ama-bwirizwa yerekeye ugushiraho n'ugutunganya ibibanza bikingiwe arahari.

Aho twovuga nk'itegeko n° 1/10 ryo kuwa 30 Rusama umwaka w'2011 ryerekeye ugushiraho n'ugutunganya ibibanza bikingiwe mu Burundi riha ikibanza kinini itunganywa rusangi ry'ivyo bibanza bikingiwe hagati ya Leta n'abanyagihugu begereye ivyo bibanza. Hariho kandi itegeko rigenga ibidukikije, itegeko rigenga amazi n'itegeko rigenga amashamba. Ayo mategeko yose arashigikira cane ugukingira ivyo bibanza bisanzwe birimwo ibinyabuzima vyinshi bikongera bigafasha abanyagihugu mu buzima bwa minsi yose.

Naho biri uko, ibinyabuzima vyo mu bibanza bikingiwe birageramiye cane bivuye ku bikorwa bitandukanye vy'abantu. Ibikorwa bitandukanye bijanye n'ugukingira ibibanza bikingiwe vyama vyakozwe n'abahinga, ariko nta nyishu zishimishije bashikako. Abo vyega batandukanye, ari nabo bategerezwa gufata mu mugongo abajejwe kubikingira baguma bazinze amaboko eka mbere muri bo nyene usanga harimwo abafasha mw'isamburwa ry'ivyo bibanza bikingiwe.

Muri ico gikorwa c'ugukingira ibibanza bikingiwe, abajejwe intwaro bategerezwa kwerekana uruhara rwabo ntangere na cane cane ko abasanzwe bajejwe kubikingira basanzwe ari bake, badashobora gucungera ibibanza vyose bikingiwe. Abajejwe intwaro rero nibo bategerezwa gukora uko bashoboye kose kugirango ivyo bibanza bibeho kandi bikingiwe. Muri kino gihe, sagaseseshwa rumuri abajejwe intwaro mu ntara no mu makomine, aho gufasha mu bijanye n'ugukingira, bafasha ahubwo mu bijanye n'ugusambura ibibanza bikingiwe mu kwironderera inyungu zabo canke bagafata ivyo bibanza nk'amatongo kugirango baharangurire ibikorwa vy'iterambere rusangi.

Turavye ivyiza biva kuri ivyo bibanza bikingiwe n'inkurikizi mbi ziva kw'izimangana ry'avyo, turashobora gutegekanya ko uruhara rw'abajewe intwari ari ntabanduka mu bijanye n'ukubungabunga ibibanza bikingiwe. Aka ni akanya keza ko kwihweza uruhara rw'a bajewe intwari mw'isasagazwa ry'ibigeramiye ibibanza bikingiwe kugirango hatogwe umuti bijanye, nawo si uwundi n'uguhindura ingendo.

I. IBIGERAMIYE IBIBANZA BIKINGIWE

Ibibanza bikingiwe biratiturwa bikongera bigasamburwa bivuye kuri ibi bituma bikurikira:

- Ihonywa ry'amashamba;
- Itosekara;
- Igwirirana ry'ubwoko bw'ibiterwa mva makungu.

• Ihonywa ry'amashamba

Itituka ry'ibibanza bikingiwe ryerekanwa n'igabanuka riteye ubwoba ry'ubwoko bw'ibimera riturutse kw'ihonywa ry'amashamba bivuye ku bikorwa vy'abantu bitandukinye. Ibituma biboneka vy'ihonywa ry'amashamba ni ibi:

- Itemwa ry'amashamba barondera indimo n'uburagiho;
- Ugukoresha nabi amatungo y'ibinyabuzima;
- Ugukoresha nabi ubutare;
- Imiriro ya nyakanga;
- Ukwagura uburaro bw'abanyagihugu

Itemwa ry'amashamba barondera indimo n'uburagiwo mu bibanza bikingiwe

Ugutema amashamba barondera indimo n'uburagiwo nivyoy ahanini bituma ibibanza mparirwabuzima bimwe bimwe bigabanuka canke bikazimangana burundu.

Abanyagihugu begereye ibibanza bikingiwe barondera amatongo akimera mu gutema amashamba canke nahobakarondera uburagiwo mu turere turimwo amashamba y'ibibanza bikingiwe. Muri kino gihe, mu bibanza vyose bikingiwe usanga hariyo imirima. Aho vyimonogoje cane ni mu ruhongore kama rw'igihugu rwa Rusizi, no mu karere gakingiwe ka Gisagara. Haribonekeza kandi ibibanza bikingiwe bibaho ku mazina gusa. Ivyo vavyo ni nk'Akarere kama ka Malagalazi, imitumba ikingiwe ya Mukungu-Rukambasi, imitumba ikingiwe ya Kinoso, tudasize inyuma akarere kama ka Monge na Mpotsa dutera tugabanuka bidasanze.



Ikoreshwa nabi vy'ibiva mu mashamba

Ugukoresha nabi amatungo y'ibinyabuzima ni nk'ugutema ibiti bidaciye mu mategeko, ugusatura imbaho, ugusoroma nabi ibiterwa bikoresha mu buvuzi kavukire n'ubwoba, uburovyi burenze urugero hakoreshajwe ibikoresho vyonona; uruhigi rutemewe n'amategeko n'ibindi. Ivyo bikorwa vyose kenshi bikorwa mu bibanza bikingiwe biragabanya bimwe biboneka ibibanza mparirwabuzima bikongera bikageramira ubwoko bw'ibinyabuzima buri muri vyo.

Ugucukura nabi ubutare

Mu Burundi, ugucukura nabi ubutare ni kimwe mu bisambura ibibanza vyinshi bikingiwe. Aho twotanga akarorero k'ugucukura inzahabu mu ruhongore kama rw'igihugu rwa Kibira, ukuropora umusenyi mu ruhongore kama rw'igihugu rwa Rusizi, ugucukura ubutare bwa kolote na kasiterite mu karere ka Murehe.



Muri ivyo biringo, imisozi yari igizwe n'amasamba, ica igira ubwambure kuko imbere y'ugucukura, ibiti vyose barabitema kandi aho bacukuye ntihaba hakimera na cane cane ko badafurira ibinogo ngo bahasubize uko hari hameze imbere y'ugucukura ubutare canke ibindi.

Imiriro ya nyakanga

Imiriro ya nyakanga iva ku mvo zitandukanye nk'ukurima mw'ishamba barinze guturira, ukurondera ubwatsi bw'ibitungwa n'inyamanswa. Hariho kandi n'imiriro itoroka abavumbi mugihe baba bariko barahakura ubuki, canke imiriro iva kubaca amakara, n'imiriro iturutse ku bugizi bwa nabi ata kindi igamije atari kwonona gusa.



Imiriro nkiyo iragabanye ibimera vyo mu bibanza bikingiwe, kuri ivyo uruhongore kama rw'igihugu rwa Ruvubu nirwo rufata iya mbere. Ibibuye binini binini vyibonekeza ku misozi yo mu buseruko ni inkurikizi y'iy miriro ya nyakanga yama yisubirije.

Ukwagura uburaro bw'abanyagihugu n'iyubankwa ry'inyubakwa rusangi

Ibibanza vyinshi bikingiwe birahurumbirwa kugirango bavyubakemwo inzu z'uburaro n'amahinguriro. Muri kino gihe, ibibanza usanga birimwo amazu y'uburaro, ni uturere tugizwe n'isi idakomeye cane ahubwo yari ibereye kubamwo ibinyabuzima gusa. Ukwagura uburaro rero biribonekeza cane mu ruhongore kama rw'igihugu rwa Rusizi, aho ikigwati gihejeje kubakwa iruhande y'urwo ruhongore kama rw'igihugu rwa Rusizi. Aho umuntu yokwibaza ingene urwo ruhongore ruzobaho kandi abantu baba muri ico kigwati atahandi bazoronderera inkwi zo gucana atari muri urwo ruhongore nyene. Bitayeko muri ako karere nyene, nta gikorwa na kimwe kijanye n'ugutera ibiti cigeze kiharangurigwa. Vyongeye, ishingwa ry'ihinguriro ry'isukari ryaratumye urwo ruhongore rutakaza ibice 50 kw'ijana. Kubera kandi ingingo y'ugutahukana Abarundi bari bahungiye mu bihugu duhana imbibe, amatongo ari mu bibanza bikingiwe niyo baheza bakabashiramwo. Aho twovuga nk'imitumba ikingiwe ya Mukungu-Rukambasi, aho bihereje ishamba ry'ingongo bagasasika hanyuma bakahashira amazu menshi mashasha. Inyubakwa rusangi zitari nke zama ziriko zirubakwa mu bibanza kama no mu bibanza bikingiwe. Mu karere kama ka Vyanda na Rumonge, harubatswemwo inyubakwa rusangi nk'ivuriro, ikigwati c'abahunguka n'ikambi y'abasirikare.

Aho nyene muri ako karere ka Rusizi, harasizweho n'itongo ribikwamwo abitavye imana rifise uburinganire bwa hegitari 250, rikaba gushika ubu rimaze kuzura, bakaba baramaze gutandukira igice kitari gito c'ako karere gakingiwe. Iyubankwa z'izo nyubakwa rusangi n'uburaro, ryama riherekezwa n'itemwa ry'ibiti badacagura kandi nta cigwa na kimwe c'ingaruka ku bidukikije kiba cakozwe.

- **Itosekara**

Inkukura yaramaze gutosekaza cane igice kinini mu buraruko bw'ikiyaga Tanganyika. Iryo tosekara ryatumye hibonekeza igabanuka ridasanze ry'umyumbu w'ifi. Ikwiragizwa ry'igiterwa c'umuceri mu kiyaya ca Rusizi no mu karere ka Bugesera biri mu bituma haba itosekara kubera imiti n'umwavu w'ikizungu bakoresha, ivyo navyo bigaca bigeramira ubuzima bw'ibinyabuzima vyo mu mazi mu ruhongore kama rwa Rusizi no mu karere gakingiwe ka Bugesera. Ihinguriro ry'isukari SOSUMO naryo nyene ni inkomoko y'itosekara ry'ibinyabuzima biri mu karere kama gakingiwe ka Malagalazi. Itosekara ry'urwo ruzi rikorwa biciye kw'isendera ry'ibisigarira birimwo ubumara viva muri iryo hinguriro, hamwe n'ibindi.



Itosekara riratumwa kandi n'imicafu iva mu mahinguriro ya kijambere, uduhinguriro dukoresha ubuhinga kavukire n'amazi yakoreshejwe mu ngo. Iyo micafu isukwa mu mifurege canke mu nzuzi zica mu gisagara ca Bujumbura, izo nzuzi nazo zigaca zibishikana mu kiyaga Tanganyika. Vyongeye, iyo bariko baracukura ubutare ku nkengera y'uruzi, urwo ruzi nyene nirwo baca barongamwo ubwo butare baba bacukuye, amazi agaca yononekara, ikibanza gikingiwe n'ibinyabuzima biri aho hantu bigatosekara.

- **Igwirirana ry'ubwoko bw'ibiterwa vyonona ibindi**

Mugihe ca none, iyinjizwa ry'ubwoko bw'ibiterwa mva makungu mu bibanza bimwe bimwe bikingiwe bisigaye ari ingorane ikomeye. Nico gituma igwirirana ry'amarebe mu mazi y'ikiyaga Rweru kiri mu bibanza bikingiwe mu buraruko bw'igihugu ritanguye guhagarika umutima abatari bake.

Igwirirana ry'umuhengerihengeri mu ruhongore kama rwa Rusizi riramaze guhonya ibiti vyinshi. Ku biterwa vyose biri mu karere ka Murehe muri Bugesera, umuhengerihengeri (mavyiyakuku) niwo wiharije ku bice 60 kw'ijana.



II. URUGERO RWO KWITANGA RW'ABAJEJWE INTWARO MU NTARA NO MU MAKOMINE MU BIJANYA N'UGUKINGIRA IBIBANZA BIKINGIWE

Abajejwe intwaro bo mu micungararo y'aturere dukingiwe, uherye kuri Bulamatari, Musitanteri, Umukuru wa Zone, Umukuru w'agacimbiri, Umukuru w'umutumba, abo bose bategerezwa gufasha mu bijanye n'ugutunganya ibidukikije n'ibibanza bikingiwe, naho hari ababijejwe mu kazi ka bo ka minsi yose.

Vyongeye, abajejwe intwaro batari bake barerekana ishaka rike bafise mu bijanye n'ugukingira ibidukikije. Ibiyerekanwa ni ibi bikurikira:

- Ukudakwirikiza amategeko mu ntumbero yo kurondera inyishu nzira mu gihe habaye ubwononyi mu bibanza bikingiwe;
 - Gushigikira ibikorwa bifise inkurikizi zonona;
 - Ukudatunganya neza abanyagihugu mu bijanye no kurwanya itosekara, imiriro ya nyakanga n'ibiterwa vyonona ibindi;
 - Ukurondera amakori ku matungo kama yo mu bibanza bikingiwe;
 - Ukwisuka kw'abajejwe intwaro mu bwononyi butandukanye.
- ***Ukudakwirikiza amategeko bikwiye mugihe habaye ubwononyi mu bibanza bikingiwe***

Naho hari agahaze mu bijanye n'amategeko, amategeko agenga ibibanza bikingiwe arahari. Ariko ayo mategeko akwirikizwa nabi nabi n'abajejwe intwaro. Kenshi na kenshi abafashwe bonona baca barekurwa n'abajejwe intwaro hatanzwe ihadabu idafashe, ivyo navyo bigatuma ubwononyi buguma bwisubiriza. Rimwe na rimwe, ubwo bwononyi bukorwa bifadikaniye n'abantu bamwe bamwe bo mu ntwaro ari naco gituma ikwirikizwa ry'amategeko ridashoboka.

- ***Ugushigikira ibikorwa bifise inkurikizi zonona***

Ibikorwa bimwe bimwe bizwi ko bifise inkurikizi zonona biroroherezwa canke bigashigikirwa na bamwe bamwe mu bategetsi. Aho twovuga nk'uburovyi butemewe n'amategeko, ukurima mu bibanza bikingiwe, ugucukura ibumba n'amabuye mu bibanza bigeramiwe. Kenshi na kenshi, abategetsi babikora bitwaza ngo abanyagihugu babo barashonje. Ariko, ivyo bikorwa biza kunyura ubukene bw'abanyagihugu gutyo bigasubiza inyuma umugambi y'iterambere rirama.

- ***Ukudatunganya neza abanyagihugu mu bijanye no kurwanya itosekara, imiriro ya nyakanga n'ibiterwa vyonona ibindi***

Mu mihingo itari mike y'igihugu, imiriro ya nyakanga, ibikorwa bitosekaza n'ibiterwa vyonona ibindi bisanzwe bizwi n'abategetsi ariko ibikorwa vyo kubirwanya burundu biciye mu guhimiriza abanyagihugu biracari kure nk'ukwezi. Nico gituma imiriro ya nyakanga yama yabiciye bigacika mu bibanza mparirwabuzima, abategetsi ntihagire ico bibabwira.

- ***Ukurondera amakori ku matungo kama yo mu bibanza bikingiwe***

Amakomine menshi arondera kubombora ibigege vyayo mu kwikora ku matungo kama nko mu gucukura ubutare, mu kwikora ku biti, mu kuroba, mu gutwara ibiva mu mashamba. Ayo makori atorezwa mu masoko aho badandariza canke ku mabariyeri ari ku mabarabara. Abategetsi ntibarota bahagarika ico gikorwa gituma ibigege vy'amakomine bibomboka naho ibinyabuzima vyohona.

Vyongeye, iyo ihadabu ari nto uravye agaciro k'amatungo bononye, biragora kugirango hatuzwe burundu ubwononyi kuko umuntu yonona vyinshi akariha bike. Biravurwa mbere no mu gisata kijejwe kubungabunga ibibanza bikingiwe ko ihadabu itanzwe bivuye ku bwononyi ari uburyo bwo kwegeranya amafaranga. Ariko ikibabaje n'uko ayo mafaranga naho yegeeranywa adaheza ngo aze gusubiriza ibiba vyononywe.

• ***Ukwisuka kw'abajejwe intwaro mu bwononyi butandukanye***

Mu bibanza bikingiwe, abatware benshi barisuka mu bwononyi butandukanye mbere hari naho usanga mwo n'abajejwe kubungabunga no gucungera ivyo bibanza. Ubwononyi bukunda kwibonekeza ni ubu bukurikira:

- Ukwaha amatungo bidacye mu mategeko;
- Ukurondera uburagiro;
- Uburovyi butemewe n'amategeko;
- Ugukoresha amatungo y'ubutare n'ayandi mabuye;
- Ugusatura imbaho.

Ukwaha amatungo mu bibanza bikingiwe hatishunzwe amategeko

Mu bibanza bikingiwe, biragaragara ko ukwaha amatungo hatishunzwe amategeko bikorwa kenshi ukuri kwamye. Aho vyibonekeza cane ni mu karere gakingiwe ka Gisagara, ka Bugesera, uturere kama twa Rumonge, Vyanda, Monge na Kigwena eka no mu mpongore kama za Rusizi na Kibira.

Ukurondera uburagiyo mu bibanza bikingiwe

Amararo menshi akiri mu bibanza bikingiwe usanga ari ayo abategetsi. Hariho ukuragira ibitungwa mubibanza bikingiwe. Ivyo vyibonekeza cane mu mpongore kama za Rusizi na Ruvubu.

Uburovyi butemewe n'amategeko mu bibanza bikingiwe

Mu kurondera gufata ifi nyinshi bakoresheje uburyo n'ubuhinga butemewe n'amategeko, abarovyi bibaza ko bariko bariteza imbere, bakibagira ko muri kazoza ifi ashobora kuzimangana hamwe na zina kinyabuzima cose co mu mazi eka mbere n'ibibanza ifi zirondokeramwo bikazimangana. Abarovyi bamwe ntibazi ko uko bakora ico gikorwa batisunze amategeko, baba bariko baritera ubukene bo nyene bakongera kandi bagatuma ababakomokako bose batazoronka ifi. Muri ivyo bikorwa rero urasanga n'abajejwe intwari batari bake barimwo mbere ugasanga nibo benibikoresho bibujijwe bakoresha mu kuroba. Ivyo vyibonekeza mu ruhongore kama rw'igihugu rwa Rusizi no mu karere gakingiwe ka Bugesera.

Ugukoresha amatungo y'ubutare n'ayandi mabuye

Agaciro gato gahabwa ibibanza bikingiwe ugereranije n'akava m'ugucukura ubutare, bituma abategetsi badashira imbere cane ibijanye n'ukubungabunga ibibanza bikingiwe, ivyo navyo bikaba bica kubiri n'ibitegekaniywe mw'itegeko rigenga ibidukikije n'irigenga ubutare n'agataka. Ugucukura inzahabu, kasiterite na kolote eka mbere n'ayandi mabuye y'agaciro bisaba ko wimba ibinogo vyagutse kandi birebire kandi ku bilometro vyinshi.

Ku bijanye n’ugucukura ibikoresho vy’ukubaka, ivyo akenshi usanga bicukurwa mu nzuzi no ku nkengera yazo canke ku hafi y’ibibanza bikingiwe. Ivyo bikorwa vy’ugucukura kandi vyonona ibibanza bikingiwe bisaba uburyo bwinshi, nico gituma rero kenshi usanga bica bikorwa n’abategetsi. Mbere kenshi babikorana n’abandi bategetsi canke abagwizatunga baba kure y’ivyo bibanza bikingiwe.

Ugusatura imbaho mu biti biri mu bibanza bikingiwe

Agaciro gahambaye k’ibiti biri mu bibanza bikingiwe, karatuma abantu batari bake bo mu ntwaro bavyihereza bakabitema kugirango babikuremwo imbaho kandi muri ico gihe ntibiyumvira inkurikizi ku binyabuzima biri muri ivyo bibanza bikingiwe. Muzobona kenshi nabo usanze bariko barasatura imbaho bavuga ko bakorera umutegetsi uyu canke uriya. Kandi abo bategetsi nyene nibo bagaruka bakorohereza itwarwa ry’izo mbaho mbere kenshi zitanarishe n’ikori.

III. UGUHAMAGARIRA ABAJEJWE INTWARO MU NTARA NO MU MAKOMINE KUGARAGAZA URUHARA RWABO MU KUBUNGABUNGA IBIBANZA BIKINGIWE

Abajejwe intwaro mu ntara no mu makomine barafise uruhara ruboneka mw'itituka ry'ibibanza bikingiwe. Ukwigira sindabibazwa kwabo mu kubungabunga ibinyabuzima bigeramiwe ntahandi bishikana igihugu atari mu bukene butagira izina. Kugira habe uguhindura ingendo, uruhara rwabo mw'ibungabungwa ry'ibibanza bikingiwe hakenewe ibikorwa nyamukuru bikurikira:

- Ugukurikiza amategeko uko ari mugihe c'ubwononyi mu bibanza bikingiwe;
- Uguca intege ibikorwa bifise ingaruka mbi;
- Ugutunganya abanyagihugu mu kurwanya itosekara, imiriro ya nyakanga n'ibiterwa vyonona ibindi;
- Uguheba amakori ku matungo kama ageramiye yo mu bibanza bikingiwe;
- Ugutanga ibihano bihasha kumutware afashwe mu bwononyi butandukanye.

1. *Igikorwa nyamukuru:* kugaragaza ingingo zose zijanye n'ukubungabunga ibibanza bikingiwe mugukurikiza amategeko uko ari

***Inyisho nyamukuru:* Duce intege ubwononyi bubera mu bibanza bikingiwe**

Intambanyi zo kurwanya:

- Ukutitaho kumenya neza amategeko ahari mu bijanye n'ibibanza bikingiwe;
- Ugufumbatishwa kw'abatware bamwe bamwe n'ukubakingira ikibaba mu bijanye n'ukubungabunga ibibanza bikingiwe;
- Ukugabanya ibihano bitanzwe ku bwononyi bwakozwe habaye ukwifadikanya n'abajejwe gukingira ivyo bibanza;
- Ukwihagira uduce tw'amatongo mu bibanza bikingiwe n'abajejwe intwaro;
- Uguca amande adafashe ku bwononyi bubereye mu bibanza bikingiwe.

Inyishu zipfuzwa:

- Kwegeranya amategeko yose agenga ibibanza bikingiwe no kuyakurikiza;
- Guhana bivuye inyuma abajejwe intwaro bisuka mubijanye n'ifumbatishwa, mukwigira sindabibazwa n'abifadikanya n'abonona ibibanza bikingiwe ;
- Guhana bivuye inyuma abajejwe ibibanza bikingiwe bifadikanije n'abajejwe intwaro mukonona ibibanza bikingiwe;

- Kugarura amatongo yo mu bibanza bikingiwe yatanzwe bidaciye mu mategeko;
- Guca ihadabu rihasha ubwononyi bubera mu bibanza bikingiwe.

2. Igikorwa nyamukuru: gufata ingingo zica intege ibikorwa bifise inkurikizi zonona ibibanza bikingiwe

Inyigisho nyamukuru: Durwanye ibikorwa bifise inkurikizi zonona kugirango dushikire iterambere rirama

Intambanyi zo kurwanya:

- Ukworohereza no gushigikira ibikorwa bifise inkurikizi zonona nk'uburovyi butemewe n'amategeko, ukurima mu bibanza bihanamiye ahakingiwe, ugucukura ibumba nubutare n'ikariyeri mu bibanza bigeramiwe, n'ibindi;
- Ukutamenya gutorokanya ibikorwa bijanye n'iterambere rirama ku banyagihugu babayeho mu bukene;
- Kudafatira ku vyirwa vy'ingaruka ku bidukikije ku bikorwa vyose vy'iterambere bikorewe inyuma canke mubibanza bikingiwe.

Inyishu zipfuzwa:

- Gutegeka no gusuzuma ivyirwa vy'ingaruka ku bikorwa vyose bibera inyuma canke mu bibanza bikingiwe;
- Guheba burundu ibikorwa bifise inkurikizi zonona nk'uburovyi butemewe n'amategeko, ukurima mu bibanza bihanamiye ahakingiwe, ugucukura ibumba nubutare n'ikariyeri mu bibanza bigeramiwe n'ibindi;

- Abajejwe intwaro n'abajejwe ibibanza bikingiwe boja hamwe mu gutegura canke mugushigikira imigambi iteza imbere ubuzima bw'abanyagihugu begereye ibibanza bikingiwe;
- Gushira mu ngiro itegeko rigenga ibibanza bikingiwe rishira imbere itunganywa rusangi.

3. Igikorwa nyamukuru: gutunganya abanyagihugu mu kurwanya itosekara, imiriro ya nyakanga n'ibiterwa vyonona ibindi

Inyigisho nyamukuru: Dushireho imirwi y'abanyagihugu ikora ku nkengera z'ibibanza bikingiwe

Intambanyi zo kurwanya:

- Urugero rudafashe rwo gukurikirana abanyagihugu bakora ibikorwa vy'ukubungabunga ibibanza bikingiwe ataco basavye;
- Urugero rudafashe rwo gutuza burundu imiriro ya nyakanya, itosekara be n'ibiterwa vyonona ibindi;
- Ukudahimirizwa bikwiye mubijanye n'ukubungabunga ibidukikije;
- Ukutavavanura n'ibikorwa bivuguruzanya hagati y'abajejwe intwaro n'abajejwe ibibanza bikingiwe.

Inyishu zipfuzwa:

- Gutunganya ibikorwa rusangi vyo kundwi kundwi mu ntumbero yo kubungabunga ibibanza bikingiwe;
- Gushira mu ngiro itegeko rigenga ibibanza bikingiwe rishira imbere itunganywa rusangi ;

- Abajejwe intwaro n’abajejwe ibibanza bikingiwe boja hamwe bagashiraho uburyo bwo gutabara bunyaruka mu bijanye no guhangana n’imiriro ya nyakanga;
- Abajejwe intwaro n’abajejwe ibibanza boja hamwe mu uburyo bukwiye bw’ugucungera ibidukikije.

4. Igikorwa nyamukuru: Gufata ingingo zijanye n’uguheba amakori kw’ikoreshwa ribi ry’amatungo kama yo mu bibanza bikingiwe

Inyigisho nyamukuru: Ntidushigikire amakori ava mu matungo ageramiwe yo mu bibanza bikingiwe

Intambanyi zo kurwanya:

- Gutangisha amakori ya komine kw’ikoreshwa ribi ry’amatungo kama yo mu bibanza bikingiwe no mu bundi burere bugeramiwe;
- Ukworohereza urudandazwa rwo mu masoko yo mu micungararo n’iyunguruzwa ry’amatungo yo mu bibanza bikingiwe yakoreshejwe bidacye mu mategeko;
- Kudafata ihadabu nk’uburyo bwemewe n’amategeko bwo kwegeranya amafaranga.

Inyishu zipfuzwa:

- Guca amahadabu ahasha kuri uwo wese yononye amatungo ava mu bibanza bikiniwe;
- Kuja inama n’ingingo hamwe n’ibisata bijejwe kubungabunga ibibanza bikingiwe mu ntumbero y’uguhitamwo neza ahova uburyo bw’amafaranga bubereye bujanye n’intumbero zukubungabunga ibibanza bikingiwe;

- Kudatangisha amakori ya komine kw'ikoresha ribi ry'ubutare, amakariyeri, ikoresha ry'ibiti, uburovyi, ukunguruza ivyahinguye mu biti vyo mu bibanza bikingiwe.

5. Igikorwa nyamukuru: Gukurikiza ibihano bihasa ku bajewe intwari bafashwe mu bwonyi butandukanye bukorera mu bibanza bikingiwe

Inyigisho nyamukuru : Turwanye impusha zitemewe n'amategeko mubijanye n'itangwa ry'amatongo mu bibanza bikingiwe

Intambanyi zo kurwanya:

- Kudakurikiza neza inzandiko zijanye n'amategeko agenga itangwa ry'amatongo n'ikoresha ry'amatongo yo mu bibanza bikingiwe;
- Kwifadikanya kw'abajewe intwari n'abajewe ibibanza bikingiwe mu kwihagira amatongo no mubindi bikorwa bibujijwe (ukuragira birenze urugero, uburovyi butemewe n'amategeko, gukoresha amatongo y'ubutare n'agataka hamwe n'isaturwa ry'imbaho), mu bibanza bikingiwe.

Inyishu zipfuzwa:

- Kwaka impusha zose zitaciye mu mategeko kubihagiye amatongo mu bibanza bikingiwe;
- Guha agashirikabute ku mwaka ku mwaka abatware bose bubashe bakongera bakubahiriza ikingirwa nyakuri ry'ibibanza bikingiwe;
- Guhana abajewe intwari bose batanze amatongo mu bibanza bikingiwe;

- Gutanga ibihano bica intege ku bajejwe intwaro bakora ibikorwa vyonona nk'ukuragira, uburovyi butemewe n'amategeko, gukoresha amatungo y'ubutare n'agataka hamwe n'ugusatura imbaho mu bibanza bikingiwe.

GUSOZERA

Mu Burundi, urugero rwo kwitanga kw'abajejwe intwaro mubijanye n'ukubungabunga ibibanza bikingiwe ruracari ruto cane. Ukwisuka kw'abajejwe intwaro bamwe bamwe mw'ikoreshwa ribi ry'amatungo kama yo mu bibanza bikingiwe ni intambanyi ikomeye ituma tudashika kw'ibungabungwa nyakuri ryivyo bibanza bisanzwe birimwo ibinyabuzima vyinshi kandi bifitiye akamaro ntangere abanyagihugu. Twizere ko aka gatabo kazotuma haba ugukubita agatima mpembero kugira ngo abajejwe intwaro bagaragaze uruhara rwabo mu gukingira ibibanza bikingiwe. Iterambere rirama ntirishoboka hatabaye ibikorwa vy'abanyagihugu birongowe n'abajejwe intwaro. Abo nabo nibo dukeshya kazoza keza k'Uburundi.